# TIL BILIMINDE ANALITIKALIQ USIL MÁSELESI

**Мустафаева Алтынгул Жуманазаровна**
*Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты докторанты*

***Аннотация**. Ушбу мақолада синтетик ва аналитик тушунчалар, тилшуносликда аналитизм масаласи ва унинг туркий тилларда қўлланилиши борасида маълумот берилади.*
***Калит сўзлар**: феъл, аналитик ва синтетик тиллар, аналитик феъллар, кўмакчи феъллар.*

***Аннотация**. В этой статье представлена информация о синтетических и аналитических концепциях, проблеме аналитичности и её использовании в турецких языках.*
***Ключевые слова:** глагол, аналитические и синтетические языки, аналитические глаголы, вспомагательные глаголы.*

***Annotation**. This article provides information on synthetic and analytic concepts, the issue of analyticity and its use in Turkish languages.*
***Keywords:** verb, analytical and synthetic languages, analytical verbs, auxiliary verbs.*

Analitizm ( grekshe analysis “ ajıralıw, bóliniw, bólekleniw” ) sózdiń dara, tiykarǵı leksikalıq hám qosımsha grammatikalıq mánisin kórsetiwshi sintetizmge qarama-qarsı- tipologiyalıq ózine tán qásiyetine iye. Analitizm morfologiyalıq jaqtan ózgermeytuǵın hám tayar analitikalıq konstrukciyalarda kórinedi.

Tyurkologiyada analitizm máselesi izertlewdi talap etetuǵın áhmiyetli m áselelerdiń biri. Bul analitizmniń túrkiy tilleriniń grammatikalıq qurılısınan alatuǵın ornına da, izertleniw dárejesine de baylanıslı. Túrkiy tilleriniń grammatikalıq qurılısına analitizm keń taraǵan hám túrli xızmet atqaradı. Soǵan bola, tilde analitizm qubılısı álwán túrli sıpatqa iye..

Analitikalıq usıl túrli grammatikalıq máni beriwde, sóz benen sózdi, gáp penen gápti baylanıstırıwda, gápke, sózge emocional-ekspressivlik máni beriwde, sózlerdiń , gáplerdiń arasındaǵı qatnastı bildiriwde keń túrde xızmet etedi [1.32].

Túrkiy tillerinde analitizmniń hár tarepleme izertlenbewine analitizm indoevropa tilleri sıyaqlı analitikalıq tillerge ǵana qatnaslı degen teoriya sebep boldı. Házir ilimde bul teiriyanıń qáteligi anıqlandı. Analitizimniń sintetikalıq tillerdiń grammatikalıq qurılısına qatnaslılıǵın moyınlaw mashqalanıń ol tillerde de izertleniwin jedellestirdi. Degen menen analitizm mashqalası atalǵan tillerde ele tolıq izertlengen joq.

Tiykarǵı hám kómekshi feyilden jasalǵan konstrukciyalar tyurkologiyalıq ádebiyatlarda túrlishe atalıp kelingen. Olardıń ayırımlarında “sóz dizbegi”

(словосочетание) termini qollanılsa [4.72-73], ayırımlarında “qospa feyil” qospa sóz termini qollanıladı [2.72-76].

Analitizm tyurkologiyada aktual máselelerdiń qatarında bolsa, sol máseleniń bir tarmaǵı- analitikalıq feyiller.

Feyillerde analitizm keń tarqalǵan, bul ilimde kórsetilip te júr, biraq ta feyildiń analitikalıq formaları boyınsha miynetler sanawlı, onıń ishinde olardıń qurılısı menen semantikalıq ózgesheliklerine arnalǵan izertlewler joq.

Feyildiń analitikalıq formaları feyil kategoriyalarınıń analitikalıq formaları menen baylanıslı. Al, feyildiń analitikalıq formalarınıń teoriyası sózdiń analitikalıq forması tuwralı teoriya menen baylanısadı. Óytkeni sol teoriyanıń jeke máselesine jatadı. Sonlıqtan da, eń aldı menen sózdiń analitikalıq forması degendi anıqlastırırp alıw kerek.

Til biliminde sózdiń analitikalıq forması dep leksikalıq mánili sóz benen kómekshi sózdiń grammatikalıq máni beretuǵın dizbegine aytıladı [3.66].

“Analitikalıq tiller” terminin eń birinshilerden “ sintetikalıq tillerge” qarama-qarsı qollanǵan A. Shlegel bolıp tabıladı. Sonnan baslap tillerdiń analitikalıq qurılısınıń áhmiyetin izertlene basladı. Til bilimi tariyxında sintetizm hám analitizmdi, tilik uǵımlardı túsindiriwlerge urınıwlar boldı. Tildiń rawajlandırıwdıń ulıwmalıq jolı retinde fleksiyadan tallawǵa, yaǵnıy sintetikalıq formalardı analitikalıq formalar menen almastırıw jaǵdayı degen anıqlama payda boldı. Sintetikalıq tiller rawajlanǵan sanalıp, flektiv tillerdiń bóliniwi analitikalıq tillerge alıp keldi. Biraq “sintetikalıqtan analitikalıqqa ótiw” tildiń rawajlanıwın belgileytuǵın bide-bir jol emes edi. XX ásir baslarında bul boyınsha qarama-qarsı kóz-qaraslar payda boldı. Bul boyınsha O.Espersenniń pikirin keltiriwge boladı. Oǵan bola, sintetizm analitizmge qaraǵanda arxaikalıq qubılıs bolıp tabıladı. Barlıq tiller sintetizmnen anlitizmge ótedi-degen túsinikler júzege keldi.

Tillerde sintetizm menen analitizm taza túrde kórinbeydi, barlıq tiller sintetikalıq hám analitikalıq formalardıń belgili bir qatnasındaǵı birikpeden bolatuǵını belgili. Tildiń rawajlanıwı menen sintetikalıq formalar hám konstrukciyalar analitikalıq formalar menen almasıwı hám óz gezeginde sintetikalıqqa qayta aylanıwı múmkin.

Rus til biliminde ádebiy tildegi analitikalıq elementler haqqındaǵı máseleni XIX ásirdiń 70-jıllarındaǵı I.A.Boduen de Kurtene tárepinen ilimiy tiykarda qoyılǵan. V.V.Vinogradov “ rus tilindegi analitikalıq formalardıń taralıwı sózdiń payda bolıwınıń kóbeyiwi, sózdiń grammatikalıq shegarası hám kóleminiń ózgeriwi menen, frazeologiyalıq birliklerdiń kóbeyiwi menen, jeke bólek mániniń joǵalıwı tutas túsiniktiń bir sózge almasıwı menen baylanıslı ekenin kórsetedi. Onnan arı qaray

analitizm máselesindegi sorawlar menen V.J.Jirmunskiy, V.N. Yarceva, N.V.Solnceva, M.M. Guxman, V.G. Gak, V.G.Admoni, V.D.Devkin hám t.b izertlewlerin alıp barǵan.

Sovet dáwiri lingvistikası ilimde analitizm qubılısına eki túrli kóz qarastı bildiredi: birinshisi, analitizmdi keńnen túsindiredi, ekinshisi onıń salasın taraytadı. Grammatika menen leksika, morfologiya menen sintaksis tarawları arasında shegara qoyadı. Birinshi kóz-qaras Sovet til biliminde 1950-jılǵa shekem basshılıq etti, ekinshisi ótken dáwirde F.F. Fortunatov tárepinen qollap- quwatlandı. Onıń mektebi tárepinen qabıl etildi.

Fortunatov mektebiniń tiykarǵı statistikalıq morfologizmin izertlewshiler til qubılısların kórip shıǵıp hám salıstırıp, analitikalıq birliklerdiń azlı-kópli grammatikalanıwı haqqında, olardıń sóz dizbeginen sózdiń analitikalıq formasına almasıwınıń hár túrli jolları haqqında aytıwǵa múmkinshilik beretuǵın til qubılısların qarastırıwdı áhmiyetli dep esaplaydı.

A.A. Yuldashev sonıń menen qatar, analitikalıq birlikler mánili sózlerdiń grammatikalasıwı nátiyjesinde payda bolatuǵınlıǵın aytadı. F.A. Ganiev dáslepki komponenti tolıq mánili feyil, ekinshi komponenti kómekshi feyilden turatuǵın qospa feyillerdi izertley otırıp, mınaday deydi: Eger barlıq kómekshi feyiller leksikalıq mánige iye bolmasa tek grammatikalıq funkciyanı kiritiw ushın qollanılǵan bolsa, onda qospa feyiller jay feyillerden parıq etiwshi quramalı formanı payda etedi.

Qospa feyiller bir yamasa birneshe feyiller jıynalıp bir sózge barabar bolǵan ajıralmas semantikalıq kompleksti atqaradı. Bunda qospa feyillerdiń mánisi dáslepki feyildiń mánisine teń. Ekinshi forma beriwshi kómekshi feyildiń mánisi menen mazmunı saqlanǵan halda belgili dárejede túrlenedi. Bunday forma hár qanday tekstte, awızeki sóylewdegi feyillerdiń derlik yarımın quraydı.

V.A. Serebrennikov awızeki analitikalıq funkciyalardıń tábiyatın esapqa ala otırıp, analitikalıq qurılıs sózdiń forması emes, al sóz hám sóz dizbegi ortasındaǵı aralıq hádiyse- konstrukciyalar –degen pikirdi alǵa súredi.

Til biliminde analitikalıq usıl haqqında bildirilgen túrlishe pikirler, bul máseleniń tilde áhmiyetli ekenligin kórsetedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Аманжолов С.А. Қазақ тілі ғылыми синтаксисінің қысқа курсы. I бөлім. Алматы., 1940
2. Ғуломов А. Ғ. Феъл. Тошкент., 1954
3. Смирницкий А. И. Морфология английского языка. М., 1959., стр. 66
4. Юлдашев А.А. Система словообразования и спряжения глаголов в башкирском языке. М.,1958